ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
06.08.1993-ж. № 297/XII

# БИР ЖОЛА ЖЫЙЫМ ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
10.06.1995-ж. 52/I-санлы ҚР Нызамы
03.03.2006-ж. 78/III-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Бир жола жыйым төлеўши**

Бир жола жыйымды товарларды, буйымларды ҳәм аўыл хожалығы өнимлерин базарларда, ярмаркаларда ҳәм басқа да арнаўлы белгиленген сатыў орынларында сатыўды әмелге асыратуғын физикалық тәреплер төлейди.

**2-статья. Бир жола жыйымды өндириў объекти**

Бир жола жыйым ҳәр бир саўда күнине ҳәр бир сатыў орны ямаса ҳәр бир дана буйым (мал саны) ушын өндириледи. Ижара шәртнамасы бойынша сатыў орны ушын ижара ҳақы төленетуғын жағдайларда, бир жола жыйым ижара ҳақыға қосылады.

**3-статья. Бир жола жыйымды өндириў тәртиби**

Бир жола жыйым ҳәр бир төлеўшиден нақлай, усы ўақыттың өзинде бир жола жыйым квитанциясын бериў менен өндириледи. Жыйым базар, ярмарка ҳәм басқа да сатыў орынлары хызметкерлери тәрепинен әмелге асырылады.

**4-статья. Бир жола жыйым көлеми**

Бир жола жыйым көлеми Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

**5-статья. Бир жола жыйымды төлеўшилердиң ҳәм оны өндирип алыўшылардың мийнети ҳәм жуўапкершилиги**

Товарларды ҳәм өнимлерди базарларда, ярмаркаларда ҳәм басқа да сатыў орынларында бир жола жыйым төлеместен сатыў қадаған етиледи.

Базарлардың, ярмаркалардың ҳәм басқа да сатыў орынларының ҳәкимшилиги бир жола жыйымның дурыс ҳәм өз ўақтында өндирип алыныўын сақлаўға миннетли. Бир жола жыйым қаржыларын бюджетке өткериў айында бир рет, бирақ есап бериўден кейинги айдың 15 күнинен кешиктирилместен әмелге асырылады. Бир жола жыйым қаржыларын өз ўақтында өткермегенлиги ушын кешиктирилген ҳәр бир күнге 0,5 процент көлеминде пеня өндириледи.

**6-статья. Бир жола жыйым қаржыларын пайдаланыў тәртиби**

Бир жола жыйым қаржыларын пайдаланыў тәртиби Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди ҳәм усы қаржылардың ярымынан аз болмаған бөлеги базардың, ярмарканың ямаса товарларды, буйымларды ҳәм аўыл хожалық өнимлерин сатыў ушын арнаўлы ажыратылған орынларды пайдаланыў ҳуқықына ийе болған басқа да шөлкемниң бийлигинде қалдырылады.

Бир жола жыйымның қалған бөлеги жергиликли бюджеттиң дәраматына өткериледи».

**7-статья. Бир жола жыйымды өндириўдиң дурыслығын қадағалаў**

Бир жола жыйымды өндириўдиң дурыслығын қадағалаў мәмлекетлик салық уйымлары тәрепинен әмелге асырылады.

**8-статья. Усы Нызамның қолланылыўы**

Усы Нызамды пайдаланыў бойынша қолланба Қарақалпақстан Республикасы Қаржы министрлигиниң келисими бойынша Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик салық басқармасы тәрепинен жәрияланады. *(ҚР ЖК 03.03.2006-ж. 78/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*